



Pou Piblikasyon Imedya: 18/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE INISYATIV POU PWOTEJE NOUYÒKÈ YO ANVAN
EKILIPS SOLÈ TOTAL LA NAN 8 AVRIL**

*Eta New York pral distribiye edisyon limite linèt eklips I LOVE NY nan 30 lokal
atravè Eta a – ki gen ladan Sant Akèy Eta New York yo ak kèk zòn sèvis sou NYS
Thruway*

*Ankouraje obsèvatè zetwal New York yo pou yo mefye yo de eskwokri, machandiz
fo ak lis ebèjman ki fo*

*Anonse ekspansyon kanpay sansibilizasyon sou sekirite eklips I LOVE NY ki
ankou a pou ajoute mesaj ki ankouraje distribisyon linèt atravè Eta a*

*Baze sou preparasyon nan tout eta a pou evènman nan syèl la ki rive yon sèl fwa
nan yon jenerasyon*

Gouvènè Kathy Hochul te lanse jodi a yon inisyativ nan tout eta a pou pwoteje Nouyòkè yo anvan Eklips Solè Total la nan lendi 8 avril. Efò sa a gen ladan distribisyon edisyon limite linèt eklips I LOVE NY nan tout eta a nan 30 lokal atravè eta a – ki gen ladan Sant Akèy Eta New York ak kèk zòn sèvis sou NYS Thruway – ansanm ak yon rapèl pou obsèvatè zetwal yo pou yo mefye yo de eskwokri, machandiz fo ak lis ebèjman ki fo. Anplis de sa, Gouvènè a te elaji yon kanpay I LOVE NY pou ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran bon jan prekosyon sekirite pandan eklips la. Anons jodi a baze sou aksyon anvan yo pou prepare eta a, ansanm ak obsèvatè zetwal New York yo, pou evènman nan syèl la ki rive yon fwa nan yon jenerasyon.

"Eklips solè total la pral yon eksperyans ki rive yon fwa nan yon jenerasyon pou eta nou an, epi li enpòtan pou Nouyòkè yo gen zouti ak enfòmasyon pou jwi li san danje," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan ogmante sansibilizasyon sou fwod rive nan bay plizyè milye Nouyòkè linèt eklips, mwen konsantre sou bay tout moun resous yo bezwen pou yo viv eksperyans evènman ekstraòdinè sa a san danje."

Nan dat 8 avril, yon eklips solè total pral kouvri pati lwès ak nò Eta New York ak chemen totalite apeprè 160 km lajè ki pral antre nan pati sidwès eta a jis apre 3:15 p.m. ak pati nò New York jis anvan 3:30 p.m. Vil ak vilaj ki nan chemen sa a gen ladan Jamestown, Buffalo, Rochester, Syracuse, Watertown, Old Forge, Lake Placid ak

Plattsburgh. Tout evènman an pral dire jiska 2 ½ èdtan, ki make lè solèy la premye twoub rive nan dènye moman yo lè lonbraj lalin lan parèt.

Linèt Eklips I LOVE NY

Pandan eklips la, li espesyalman danjere pou gade dirèkteman solèy la san pwoteksyon espesyal pou je epi li ka lakòz domaj grav. Faz pasyèl eklips solè yo ka sèlman obsève san danje dirèkteman ak linèt espesyalize pou eklips oswa yon vizyonez solè pòtatif – linèt solèy nòmal yo pa yon bon ranplasman.

Yon kantite limite linèt eklips I LOVE NY ap disponib apati jodi a nan lokal toupatou nan eta a, ki gen ladan Sant Akèy Eta New York yo ak kèk zòn sèvis sou Thruway Eta New York (nan boutik Applegreen yo). Gen yon lis konplè kote k ap distribiye linèt I LOVE NY yo, ansanm ak lòt sous pou linèt eklips yo disponib [isit la](#). Linèt yo pral limite a sa sèlman de pè pou chak moun, jiskaske estòk la fini epi gen yon kantite limite yo distribiye chak jou. Depatman Sante Eta New York te apwouve linèt yo epi yo gen yon [sètifikasyon ISO](#).

Yon kanpay maketing dijital te lanse an janvyè pou ankouraje sansibilizasyon jeneral sou eklips la ak opsyon pou obsève l'atravè Eta New York. Mesaj kanpay la elaji pou enkli enfòmasyon sou sekirite ak preparasyon ansanm ak enfòmasyon sou distribisyon linèt eklips yo. Kanpay la ap kontinye jiska eklips 8 avril la.

Pwoteje obsèvatè zetwal yo kont eskwokri

Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Depatman Deta New York ap bay konsèy pou plizyè santèn milye konsomatè ki planifye vvin nan Eta New York pou wè eklips solè a anlè New York. Konsomatè yo dwe rete enfòm sou dwa yo, achte avèk entelijans pou pwoteje lajan yo te fè di yo epi rete vijilan pou pwoteje tèt yo kont eskwokri.

Dapre Better Business Bureau, fwod ki asosye ak eklips solè 2024 la ka genyen:

- **Fwod nan vwayaj:** Magouyè yo ka fè reklam pakè vwayaj ak sèvis transpò avèk rabè pou gade eklips la, sèlman pou yo ka disparèt ak lajan kliyan yo oswa pou yo bay sèvis medyòk.
- **Machandiz ki fo:** Founisè ki pa gen wont yo ka vann machandiz fo oswa twò chè sou tèm eklips.
- **Lis ebèjman ki fo:** Magouyè yo ka kreye fo lis otèl oswa lokasyon ki reklame ke yo gen pi bon pwen obsèvasyon eklips la pandan lis sa yo ka pa egziste oswa pwopriyete yo ka pa jan sa dekri, oswa moun ki fè lis la pa vrèman pwopriyete a.

Pou pwoteje kont fwod sa yo, konsomatè yo ta dwe:

- **Eseye peye ak yon kat kredi.** Kat kredi souvan ofri plis pwoteksyon pase peye avèk lajan kach, chèk oswa kat debi. Gen kèk konpayi kat kredi ki ofri tou avantaj tankou asirans vwayaj oswa sèvis konsyèl pandan vwayaj epi yo ka ofri plis

pwoteksyon si vwayaj la anile. Tcheke ak konpayi kat kredi w la sou kondisyon ranbousman depans vwayaj yo.

- **Acha machandiz.** Achete linèt pou gade eklips ak lòt pwodwi ki gen rapò sèlman nan men vandè ki gen bon repitasyon oswa sous verifye. Gade pou wè si linèt yo gen tenm ISO ak mesaj Lè w ap chèche linèt eklips oswa telespektatè solè pòtatif, pi bon tantativ ou se kòmanse ak [lis AAS](#) founisè pou w ka asire w vizyonez ou yo an sekirite.
- **Enfòmasyon pèsònèl.** Fè atansyon lè w ap bay enfòmasyon pèsònèl oswa finansye sou entènèt. Konsèy sa a bon pandan tout ane a, pa sèlman pou eklips la.
- **Fè rechèch ou.** Verifye lejitimite lis ebèjman lè w fè rechèch sou pwopriyete a epi li kòmantè ki soti nan sous ou fè konfyans.

Nenpòt konsomatè ki rankontre pwoblèm mache (marketplace) pandan l ap jwi eklips la nan New York ka depoze yon plent nan Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a nan <https://dos.ny.gov/consumer-protection>.

Lòt preparasyon pou eklips solè total

Eta New York pran angajman pou l founi yon eksperyans eklips ki an sekirite epi ki amizan, ki rekonèt konvèjans sekirite piblik ak pwomosyon touris. Nou ankouraje vwayajè yo pou yo planifye yon vwayaj pwolonje pou yon evènman ki pi agreyab, tankou evite trafik apre eklips tankou gwo sovgaad apre Gwo Eklips 2017 la, ki te divize Etazini an de, Oregon rive nan South Carolina.

Enfòmasyon edikatif ak obsèvasyon

Nan kòmansman mwa sa a, Gouvènè Hochul [te anonse](#) evènman ak aktivite eklips yo ki pwograme nan Pak Eta New York yo, an kowòdinasyon ak NASA. I LOVE NY te lanse kanpay multi-platfòm "Vini pou Eklips la, Rete pou New York" ("Come for the Eclipse, Stay for New York") pou prezante New York kòm kote ou dwe ye pou temwen evènman sa a. Kanpay la ak [yon sitwèb eklips espesyal](#) mete aksan sou enfòmasyon sou lokal yo nan senk rejyon yo ki pral fè eksperyans chemen totalite a, yon varyete atraksyon ak evènman espesyal ki gen rapò ak eklips k ap pase atravè eta a, ak pi bon pratik sekirite atravè platfòm dijital li yo ki gen ladan [Instagram](#), [Facebook](#), [TikTok](#) ak [Twitter/X](#). Gen yon edisyon espesyal [afich eklips la](#) ki disponib atravè patenarya I LOVE NY ak atis rekoni ak astwonòm pwofesyonèl Doktè Tyler Nordgren. Vizite loveny.com/eclipse pou w ka wè lokal yo ak lòt konsèy sekirite.

Sekretè Eta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Eksitasyon an ap devlope pou evènman selès ekstraòdinè sa a k ap pase pou premye fwa nan 99 ane. Pandan plizyè santèn milye fanatik eklips solè vizite ak vwayaje nan tout eta nou an, nou ankouraje Nouyòkè yo ak touris yo pou yo veye epi suiv konsèy nou yo pou yo ka jwi eklips la san yo pa vin viktim konplo fwod."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Pozisyon New York nan chemen totalite pou eklips solè total

ki ra sa a te jenere yon enterè remakab nan rezidan yo ak vizitè yo. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, n ap travay pou asire sekirite telespektatè yo atravè kowòdinasyon sekirite piblik plizyè ajans ak distribisyon linèt eklips konplèmantè I LOVE NY. Evènman ki rive yon fwa nan lavi sa a pral sipòte plis endistri touris enpòtan nou an, k ap benefisye otèl, restoran ak biznis yo, pandan fanatik eklips yo ap eksplòre lokal obsèvasyon yo nan tout eta a."

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Nan kad efò kowòdinasyon milti-ajans Eta New York la, ajans eta yo anba direksyon Gouvènè Hochul ap travay ansanm pou asire eklips solè k ap vini an pi agreyab e an sekirite nan mezi posib. Eta New York pral youn nan destinasyon prensipal pou moun ki espere jwenn yon apèsi ra mèvèy natirèl sa a, ki pral bay nouvo opòtinite pou ekonomi ak touris, ansanm ak difikilte nan sikilasyon ki inik. Si w ap vin New York pou jwi evènman sa a, tanpri vin prepare avèk manje ak dlo; tanpri pran pasyans, paske ou ka rankontre blokis epi tanpri pa pakin sou bò wout yo - konsa machin ijans yo ka jwenn aksè nan wout yo san danje. Ekip NYSDOT la ap planifye pou asire tout moun non sèlman jwi eklips la san danje, men espere ke y ap pwofite fè lòt vizit pandan yo isit la."

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Etap ki pi enpòtan pou asire Nouyòkè yo jwi evènman sa a ki rive yon fwa nan lavi a se pwoteje je nou. Linèt eklips ISO sètifye pral pwoteje je ou kont domaj grav epi ki ta ka pèmanan, ki ka rive lè w gade eklips la ak linèt solèy nòmal oswa san okenn pwoteksyon pou je. Mwen rekonesan ke Gouvènè Hochul ap rann linèt espesyalize yo disponib nan plizyè douzèn kote atravè Eta a pou asire eksperyans sa a se yon bagay ki an sekirite epi ki agreyab."

Direktè Egzekitif Pwovizwa Otorite Thruway Eta New York la, Frank G. Hoare, te deklare, "Yo prevwa plizyè milye otomobilis adisyonèl pral itilize New York State Thruway pou ale nan destinasyon yo pou wè eklips la nan 8 avril. Chofè k ap kanpe nan zòn sèvis seleksyone yo sou Thruway la pral kapab pran yon pè linèt eklips gratis pou wè eksperyans sa a ki rive yon fwa nan lavi yo san danje. Pou sekirite tout vwayajè yo, pa gen pakin nan akotman otowout la, epi pakin nan zòn sèvis Thruway yo pral limite. Nou ankouraje vwayajè yo pou yo rive nan destinasyon yo bonè, kondui san danje epi pran plezi nan evènman istorik sa a."

Mark J. F. Schroeder, Komisè Depatman Veyikil a Motè Eta a (State Department of Motor Vehicles, DMV) ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee), te deklare, "Sa a se yon jou enteresan pou Nouyòkè yo ak vizitè nou yo fè eksperyans yon fenomèn ki ra, epi nou vle asire nou tout moun ka fè sa san danje. Si w ap kondui pandan eklips la, prepare w pou fènwa toudenkou, epi pa eseye gade eklips la pandan w an mouvman. Jwenn yon kote pou w pakin si ou vle gade, epi asire w ke ou gen linèt ki apwopriye pou sa. Ou ta dwe konnen tou ke trafik nan zòn obsèvasyon yo pral pi plis, kidonk atann ak reta epi ale dousman."

Claire Rosenzweig, Prezidan ak Direktè Egzekitif Better Business Bureau – Metropolitan New York, te deklare, "Yon eklips solè se yon bagay ki enteresan men pa kite gad ou desann konsènan moun k ap eseye twonpe ou ak disparèt ak lajan ou. Kèlkeswa jan sa ye, verifye pwodwi ak sèvis yo epi pa janm bay yon etranje enfòmasyon pèsònèl oswa finansye ou."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)